



Haitian Creole Edition
Grade 8 Mathematics Test, Book 1
May 5–7, 2010

Pwogram Egzamen Eta Nouyòk
Egzamen Matematik
Liv 1

Ane **8**

5–7 me 2010



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703.
Copyright © 2010 by the New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of the New York State Education Department.

TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Asire ou li avèk atansyon tout enstriksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou chak repons anvan ou chwazi repons ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.

Egzanp A

Ki fòm chak baz yon silend?

- A** sèk
- B** rektang
- C** triyang
- D** kare

Egzanp B



Sèvi ak règ ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

Ki sipèfisi rektang ki anba a, an santimèt kare?


- A** 15
- B** 17
- C** 30
- D** 34

1

Senplifye ekspresyon ki anba a.

$$12ab + 8ab + 5ab$$

- A $3ab$
- B $25ab$
- C $25(3ab)$
- D $25 + ab$

2Nan dyagram ki anba a, $\overleftrightarrow{AB} \parallel \overleftrightarrow{CD}$, ak \overleftrightarrow{EF} entèsekte toude dwat yo.

[pa trase selon echèl la]

Ki mezi $\angle y$?

- A 30°
- B 60°
- C 120°
- D 150°

Kontinye


3

Ki sitistasyon ki **pi byen** reprezante ekspresyon $2c - 5$?

- A** Alicia mache yon distans 2 mil anmwens ke 5 fwa kantite mil, c , Courtney te mache a.
- B** Alicia mache yon distans 5 mil anmwens ke 2 fwa kantite mil, c , Courtney te mache a.
- C** Alicia mache yon distans 2 mil anplis ke 5 fwa kantite mil, c , Courtney te mache a.
- D** Alicia mache yon distans 5 mil anplis ke 2 fwa kantite mil, c , Courtney te mache a.

4

Nan dyagram ki anba a, segman dwat l ak segman dwat m entèsekte nan sant sèk la. Ki mezi $\angle x$?







[pa trase selon echèl la]

- A** 120°
- B** 133°
- C** 137°
- D** 143°

5

Nan klas syans Mesye Jenkin lan, elèv yo chofe yon vè-a-bèk ki gen dlo sou yon recho. Lè esperyans lan kòmanse, tanperati dlo a te 20°C . Apre 8 minit, tanperati a te 60°C . Sèz minit apre esperyans lan kòmanse, tanperati a te 100°C epi l rete a 100°C pou 8 lòt minit ankò.


Ki grafik ki montre chanjman nan tanperati dlo nan vè-a-bèk la, y , sou yon peryòd tan, an minit, x ?



Kontinye

6


Ki tèm ki pi byen dekri \overline{AC} nan triyang rektang ki anba a?



- A kote
- B baz
- C altitud
- D ipoteniz

7

Ki mezi $\angle x$ nan dyagram ki anba a?




[pa trase selon echèl la]

- A 23°
- B 33°
- C 113°
- D 157°

8

Mesye Sanders sèvi ak yon planch dyagonal pou divize yon jaden rektangilè an de seksyon egal, jan sa endike nan dyagram ki anba a.



[pa trase selon echèl la]

Ki longè dyagonal la?

$$c^2 = a^2 + b^2$$

- A 12 mè
- B 13 mè
- C 14 mè
- D 15 mè

9

Rezoud ekwasyon ki anba a pou x .

$$9(x - 5) = 4x - 5$$


- A 8
- B 10
- C -8
- D -10

Kontinye

10 Si $P = a^2 + a - 1$ ak $R = -a - 1$, ki ekspresyon ki reprezante $P + R$?

- A** $a^2 + 2$
- B** $a^2 - 2$
- C** $a^2 + 2a$
- D** $a^2 + 2a - 2$

11 Nan dyagram ki anba a, $\overleftrightarrow{EF} \parallel \overleftrightarrow{GH}$, ak dwat k entèsekte toude dwat yo.




[pa trase selon echèl la]

Ki mezi $\angle z$?

- A** 40°
- B** 50°
- C** 130°
- D** 140°

12

Ki tèm ki **pi byen** dekri transfòmasyon ki endike anba a?



- A dilatasyon
- B wotasyon
- C refleksyon
- D translasyon


13

Jerome fè yon sondaj avèk 643 moun ki monte esketbòd e li dekouvri ke 209 ladan yo pito esketbòd ki fèt anbwa pase sa ki fèt anplastik oswa an aliminyòm. Dapre kantite moun ki patisipe nan sondaj la, ki **estimasyon ki pi rezonab** de pousantaj moun ki monte esketbòd yo ki pito esketbòd ki fèt anbwa?

- A 10%
- B 30%
- C 40%
- D 50%

Kontinye

- 14** Nan dyagram ki anba a, dwat x paralèl ak dwat y , e dwat z se yon dwat sekant.



[pa trase selon echèl la]


Ki ang ki se ang altèn entèn?

- A** $\angle 1$ ak $\angle 7$
- B** $\angle 3$ ak $\angle 7$
- C** $\angle 2$ ak $\angle 3$
- D** $\angle 4$ ak $\angle 8$

- 15** Kevin reprezante kare ABCD sou yon plan koòdone sou aks-y la pou kreye imaj $A'B'C'D'$. Ki pwopriyete ki chanje lè l kreye imaj $A'B'C'D'$?

- A** mezi pou $\angle ABC$
- B** sipèfisi kare ABCD
- C** pozisyon figi ABCD
- D** perimèt kare ABCD

- 16** Nan dyagram ki anba a, dwat l ak dwat m paralèl.



[pa trase selon echèl la]

Ki ekwasyon yo ka itilize pou rezoud x ?

- A** $6x + 3x = 15 + 21$
- B** $6x + 15 = 3x + 21$
- C** $6x + 15 + 3x + 21 = 90$
- D** $6x + 15 + 3x + 21 = 180$

- 17** Senplifye ekspresyon ki anba a.

$$(x^2y^3)(x^4y^2)$$

- A** x^6y^5
- B** x^8y^6
- C** $2x^8y^6$
- D** $2x^6y^5$

Kontinye

18



Sèvi ak règ ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

Sonia trase yon dwat ant Los Angeles ak San Diego sou kat jeyografik ki anba a pou jwenn distans ki pi kout ant toude vil yo.

ECHÈL

1 pous = 50 mil




Dapre echèl la, ki distans, an mil, ki genyen ant de vil yo?

- A 25
- B 50
- C 100
- D 150

19 Ki ekspresyon ki se yon trinòm?

- A** $4x^3$
- B** $7x + 12$
- C** $3x^3 + 3x^2$
- D** $5x^3 + 3x^2 - 11$

20 Nan dyagram ki anba a, \overleftrightarrow{AB} entèsekte \overleftrightarrow{DC} nan pwen P.



[pa trase selon echèl la]

Ki mezi $\angle CPB$ nan figi a?

- A** 80°
- B** 90°
- C** 100°
- D** 105°

Kontinye

21 Ki non ekspresyon ki endike anba a?

$$2x^2y - 5x + 3$$

- A tèm
- B ekwasyon
- C koefisyan
- D polinòm

22 Ki pi gran faktè komen (PGFK) pou $12x$ ak $(3x^2 + 6x)$?

- A 3
- B $3x$
- C $x + 2$
- D $3x(x + 2)$

23 Distans ant de vil sou yon kat jeyografik se 2 pous. Yo te trase kat la apatide echèl ki endike anba a.

$1 \text{ pous} = 344 \text{ mil}$

Ki vrè distans ant de vil yo, an mil?

- A 86
- B 344
- C 688
- D 1.032

24

Tony vin manm nan yon klib liv. Li resevwa 8 liv gratis lè l te vin manm. Tablo anba a montre konbyen liv an total, n , li te genyen chak mwa, t , depi l vin manm nan klib la.

LIV TONY YO

Mwa (t)	Kantite Total Liv yo (n)
0	8
1	11
2	14
3	17
4	20

Ki ekwasyon ki ka sèvi pou jwenn konbyen liv o total, n , Tony pral resevwa de klib liv la apre t mwa?

- A $n = 8t$
- B $n = 3t$
- C $n = 8t + 3$
- D $n = 3t + 8$

25

Ki inegalite ki reprezante deklarasyon anba a?

Youn anpil ke 2 fwa n pi gran pase 21.

- A $2n > 21$
- B $n + 3 > 21$
- C $2n + 21 > 1$
- D $2n + 1 > 21$

Kontinye

- 26** Senplifye ekspresyon ki anba a.

$$\frac{4x^3 + 8x^2 - 10x}{2x}$$

- A** $2x^2 + 4x - 5$
- B** $2x^2 + 4x - 10$
- C** $8x^3 + 4x^2 - 5$
- D** $8x^4 + 16x^3 - 10x^2$

- 27** Sarah te ale nan yon toune an otobis ki dire yon jou depi Las Vegas rive Grand Canyon. Pri biyè otobis la te \$80. Li peye tou 15% pri biyè a kòm poubwa pou chofè otobis la. Ki montan poubwa Sarah te peye chofè otobis la?

- A** \$5
- B** \$12
- C** \$15
- D** \$19

RETE LA



Ane 8
Egzamen Matematik
Liv 1
5–7 me 2010

Grade 8
Mathematics Test
Book 1
May 5–7, 2010

The McGraw-Hill Companies
